# Xëdd nañu ak Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc topp mu jug jëm ca julli ga, ma ne ko: ñaata moo dox ci diggante nodd gi ak xëdd gi? Mu ne: luy tolloo ak juróom-fukki aaya

Jële nañu ci Saydu ibn Saabit yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Xëdd nañu ak Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc topp mu jug jëm ca julli ga, ma ne ko: ñaata moo dox ci diggante nodd gi ak xëdd gi? Mu ne: luy tolloo ak juróom-fukki aaya.
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yenn Sahaaba yi yal na leen Yàlla dollee gërëm xëdd nañu ak Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc, topp mu jug moom Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc jëm ca jullig fajar ga. Anas wax Sayd ibn Saabit yal na ko Yàlla dollee gërëm ne ko: ñaata la waxtu wi toll ci diggante nodd gi ak noppi gi ci xëdd gi? Sayd yal na ko Yàlla dollee gërëm ne ko: mi ngi tollu ak jàng juróom-fukki aaya hu yemoo, déet muy yu gudd du caagine yu gàtt, déet muy njàngat mu bar du caagine mu yeex.

https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4457

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee